

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN 31.6 MILYON DOLA FINANSMAN KI DISPONIB  
POU KONSIDERABMAN OGMANTE ITILIZASYON VEYIKIL ELEKTRIK YO**

***Nouvo Estasyon Rechaj Rapid yo Pozisyone nan Fason Estratejik yo pral  
Ogamante Pratikalite ak Reyon Daksyon Veyikil Elektrik yo***

***Deplwaman Veyikil Elektrik yo pral Jwe yon Wòl Kle nan Efò k ap fèt pou Atenn  
Objektif Rediksyon Kabòn Espektakilè ki te Tabli nan kad Nouvo Akò Ekolojik  
Gouvènè a Pandan y ap Konbat Chanjman Klimatik yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke New York ap mete jiska 31.6 milyon dola disponib pou ogmante itilizasyon estasyon rechaj rapid pou veyikil elektrik yo pou sèvi avni mache veyikil elektrik la epi akomode bezwen ak demann mache kwasan konsomatè yo. Plan Komisyon Sèvis Piblik (Public Service Commission) Eta New York la apwouve jodi a pral rantabilize fon Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) pou yo estimile devlopman enfrastrikti rechaj rapid yo byen bezwen ke sektè prive a ap antreprann pou sipòte objektif 800,000 veyikil zewo degajman nan New York apati 2025 — sa k ap reprezante prèske yon veyikil sou chak dis veyikil ki gen sou wout yo.

“Deplizanpli, Nouyòkè yo ap chache mwayen transpò ki pi pwòp ak pi ekolojik, epi nou dwe asire ke gen enfrastrikti nesèsè an plas toupatou atravè eta a pou chofè yo ka vwayaje nenpòt distans san yo pa pè pèdi chaj”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Patenarya piblik-prive sa yo pral estimile devlopman nan endistri kwasan sa a, kreye nouvo djòb, epi fè vanse efò ki pi agresif pou redwi degajman gaz yo.”

“Avèk investisman konsiderab sa a, nou ap asire nou gen enfrastrikti ki an plas pou sipòte plis itilizasyon veyikil elektrik”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Lè nou ajoute estasyon rechaj yo, sa pral bay chofè mwayen ak konfyans pou yo vwayaje distans ki pi long atravè eta a. Efò sa a fè pati objektif enèji pwòp agresif nou genyen pou nou redwi degajman gaz yo epi asire yon anviwònman ki pi pwòp ak pi ekolojik.”

Daprè plan sa a, prèske 1,075 nouvo estasyon rechaj rapid li aksesib pou piblik la pral elijib pou prim ankourajman anyèl avèk yon depans 31.6 milyon dola maksimòm onivo eta a. Twa estasyon rechaj rapid sa yo pral ofri plis pratikalite pou pwopriyetè veyikil elektrik yo (EV) epi yo pral kapab chaje yon veyikil ki gen reyon daksyon long nan 20 minit an konparezon ak 20 èdtan lè yo itilize yon chajè rezidansyèl òdinè, oswa 4 a 8 èdtan lè yo itilize yon chajè dezyèm nivo.

Sektè transpò a se youn nan pi gwo pwodiktè enèji ki gen rapò ak degajman gaz a efè sèr yo nan New York. Inisyativ Charge NY Gouvènè Cuomo ap chache redwi degajman sa yo lè yo agrandi kantite veyikil elektrik ak estasyon rechaj yo atravè plizye pwogram NYSERDA, Depatman Konsèvasyon Anviwònman la (Department of Environmental Conservation, DEC), Otorite Enèji New York la, ak Otorite Thruway a (Thruway Authority) ap administre. Konpare ak machin ki alimante ak gazolin yo, machin elektrik yo pi efikas sou plan enèji epi yo koute anviwon 50 a 70 pousan mwens pou kouri pa kilomèt.

Mache EV New York la ap agrandi rapidman. Vant EV yo te ogmante 50 pousan an 2018 epi yo te pran pati nan mache a rapidman. Soti 2010 rive Oktòb 2018, yo te vann plis pase 43,000 EV nan Eta New York. Apeprè 33 pousan EV sa yo se veyikil elektrik a batri, lòt 67 pousan yo se veyikil elektrik ibrid yo ka plòge. Mezi a ap ajoute 1,075 nouvo estasyon rechaj rapi pou yo devlope nan kad inisyativ yo te anonse jodi a rekonèt wòl esansyèl ke estasyon rechaj rapid piblik yo pral jwe akoutèm pou yo soulaje “angwas sou rayon daksyon an”. Lè nou rantabilize resous piblik yo ak investisman prive pou devlopman estasyon rechaj piblik aksesib, sa pral gen konsekans pozitif k ap estimile mache EV a nan New York pandan ane k ap vini yo.

Angajman global New York pran anvè agrandisman opsyon transpò pwòp yo ap mete Eta a nan pozisyon kòm yon lidè nasyonal nan deplwaman EV ak avansman teknolojik kontinyèl enfrastrikti rechaj yo. Gen inisyativ ak pwogram ki deja ankou k ap chache atenn objektif inisyativ Charge NY Gouvènè Cuomo a pou gen 10,000 estasyon rechaj EV apati fen 2021 ak 800,000 veyikil zewo degajman apati 2025, epi li gen ladan:

- Inisyativ Charge Ready NY 5 milyon dola NYSERDA la, k ap bay 4,000 dola pou chak pò chajman veyikil elektrik yo pou anplwaye piblik oswa prive yo, pwopriyete bilding yo, minisipalite ak òganizasyon san bi likratif yo pou yo enstale estasyon rechaj Nivo 2, sa k ap pote nouvo total pò chajman yo vin 1,250; epi
- Angajman jiska 250 milyon dola jiska 2025 NYPA pran anvè EVolve NY la, ki se yon inisyativ ki fè patenarya ak sektè prive a ak lòt pati prenan kle yo pou reponn a eka enfrastrikti rechaj ki gen sou mache a pou akselere adopsyon ak deplwaman chajè rapid pou EV yo nan koridò ki gen anpli sikilasyon toupatou atravè eta a.

Plan yo apwouve jodi a ke NYPA, DEC, NYSERDA, Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation), Otorite Thruway Eta New York la, ak sis gran konpayi sèvis piblik Eta a yo ap grandman soutni. PSEG-Long Island ak Otorite Enèji Long Island lan (Long Island Power Authority) ap planifye tou pou yo reyalize yon pwogram sipò pou estasyon chajman rapid apati mitan ane 2019 la.

Yo pral reyalize plan sa a toupatou atravè eta a pou ankouraje deplwaman estasyon piblik lè yo ofri operatè estasyon rechaj yo fenk konstwi yo prim ankourajman dirèk pou yo reponn a defi ekonomik ki asosye ak fèb nivo itilizasyon inisyal yo. Chak sèvis piblik investisè pral ofri yon prim ankouraje anyèl pa plòg pou sipòte investisman nan estasyon yo. Sèvis piblik yo pral travay avèk devlopè estasyon chajman rapid pou asire yo alafwa sitiye nan lokalite pratik pou konsomatè yo ka jwenn aksè, pandan y ap ofri

pi gran avantaj rezo yo. Pou yo jwenn plis sou elijibilite, yo ap akouraje devlopè yo kontakte sèvis piblik respektiv yo.

**Prezidan Komisyon John B. Rhodes te deklare,** “Elektrifikasyon transpò se yon eleman kle nan estrateji Eta a genyen pou konstwi sistèm enèji avni pandan l ap redwi degajman gaz efè sèr danjre k ap soti nan sektè transpò ki konte plis pase yon tyè degajman gaz a efè sèr eta a yo. Konsomatè yo ap benefisyè tou, pandan machin elektrik yo itilize enèji nan fason ki pi efikas epi koute konsiderabman mwens pou yo opere pa kilomèt pase pa machin a gazolin - oswa a dyezèl yo. Ankouraje veyikil elektrik se yon eleman santral nan kad objektif transoi-pwòp ak enèji pwòp Gouvènè Cuomo genyen pou redwi anprant kabòn nou”.

**Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare,** “Tank plis Nouyòkè kontinye reyalize avantaj ekonomik ak anviwònmantral k ap genyen lè moun kondi veyikil ki itilize enèji pwòp yo, li ap vital pou nou ofri enfrastrikti rechaj nesèsè toupatou atravè eta a pou pèmèt yo kondi distans long yo avèk konfyans. Rediksyon degajman danjre ki soti nan sektè transpò a enpòtan anpil pou nou atenn objektif Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) Gouvènè Cuomo a, ki se yon inisyativ lidè nan nasyon an. Lè nou ankouraje itilizasyon agrand echèl EV yo, sa ap mete New York yon pa pi pwòch pou nou gen yon ekonomi san kabòn”.

**Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare,** “Li esansyèl pou nou elimine obstak k ap anpeche deplwaman estasyon rechaj rapid yo si nou vle popilasyon an akselere adopsyon EV yo. Efò sa yo reprezante yon etap enpòtan an vè atraksyon konpayi rechaj EV yo pou yo ogmante rapidman nan New York”.

**Komisè DEC a, Basil Seggos, te di,** “Degajman gaz ki soti nan sektè transpò a yo se pi gwo sous degajman gaz a efè sèr ki gen nan New York. Lè nou agrandi enfrastrikti veyikil elektrik eta a yo, nou pral grandman ranfòse kapasite eta a genyen pou l sipòte itilizasyon kwasan EV yo. Anons Gouvènè Cuomo te fè jodi a, se yon eleman enpòtan nan kad estrateji transpò pwòp global Eta a k ap mete plis EV sou wout yo pou redwi degajman gaz a efè sèr yo k ap polye planèt la epi menase sante piblik”.

**Komisè Pwovizwa Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation), Paul A. Karas, te deklare,** “Gouvènè Cuomo ap trase chemen an nan zafè veyikil ki itilize enèji pwòp, lè l ofri prim ankourajman epi travay ak lòt eta yo pou redwi degajman danjre yo epi konstwi yon ekonomi enèji ki pwòp. Inisyativ Komisyon Sèvis Piblik Eta a apwouve jodi a pral plis vanse objektif anviwònmantral Eta a yo, ankouraje enstalasyon estasyon rechaj rapid pou veyikil elektrik yo ki pral rann li pi pratik pase jamè pou moun posede yon veyikil elektrik epi kondi al toupatou atravè Eta New York”.

**Direktè Egzekitif pa Entèrim Otorite Thruway, Matthew J. Driscoll, te deklare,** “Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Otorite Thruway a ap investi nan mwayen transpò ki itilize enèji pwòp lè yo agrandi estasyon rechaj pou veyikil elektrik yo nan Zòn Sèvis Thruway ak pak tren banlye Thruway a yo. Lè nou akselere devlopman estasyon rechaj rapid ki piblikman aksesib atravè Eta a yo, nou ap voye yon lòt mesaj fèm bay

otomobilis nou yo ki fè yo konnen li sekiritè, pratik ak favorab a klima pou yo achte yon veyikil elektrik”.

## **Nouvo Akò Ekolojik Eta New York la**

Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Andrew M. Cuomo a, ki se ajanda enèji ak djòb pwòp lidè nan nasyon an, pral agresivman mete Eta New York sou yon chemen anvè netralite kabòn onivo tout ekonomi an nèt. Inisyativ sa a pral ofri yon tranzisyon ekitab anvè enèji pwòp, sa k ap estimile kwasans ekonomi ekolojik la, epi, mande pou New York itilize 100 pousan enèji pwòp ak san kabòn apati 2040, ki se youn nan objektif ki pi agresiv nan Etazini. Pilye nouvo manda yo fenk pwopoze la ap yon ogmantasyon konsiderab k ap genyen nan kad inisyativ Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) reyisi New York la, k ap pase a 70 pousan kouran renouvlab apati 2030. Nan kad ogmantasyon enèji renouvlab san presedan sa a, New York te deja envesti 2.9 milya dola nan 46 pwojè enèji renouvlab agrand echèl atravè eta a pandan l ap ogmante sib enèji pwòp yo genyen yo nan fason konsiderab, tankou: sa k ap kadriple sib enèji ewolyèn olaj zòn kòt New York la vin 9,000 megawat apati 2035; double deplwaman enèji solè yo distribiye yo rive 6,000 megawat apati 2025; epi deplwaye 3,000 megawat estokaj enèji apati 2030. Pou sipòte travay anbisye sa a, NY Green Bank gen entansyon pou yo itilize ekspètiz li pou simonte eka finansyè pou ankouraje enpak anviwònmanal pou chak dola piblik lè yo kolekte plis pase 1 milya dola nan fon tyès pati pou agrandi disponiblite finansman pou klima atravè New York ak rès Amerik Dinò a.

## **Refòm Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV)**

Nouvo Akò Ekolojik la ap ajoute sou estrateji monimantal Refòm Vizyon Enèji Gouvènè Andrew M. Cuomo a, pou trase chemen an nan efò kont chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York la. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas. Deja, REV te atire prèske 1,500 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, amelyore abòdabilite enèji ki ogmante pou 1.65 milyon kliyan ki gen revni fèb, epi kreye plis pase 150,000 pòs travay nan fabrikasyon, enjeniri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo atravè Eta New York.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Nouvo Akò Ekolojik la ak REV, vizite [rev.ny.gov](https://rev.ny.gov), swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), ak [LinkedIn](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](https://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)